ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Advanced Level

LITERATURE IN SHONA 6007/2

PAPER 2: Drama, Prose and Poetry

SPECIMEN PAPER 3 hours

Additional materials:
Answer paper

NGUVA: Maawa matatu

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo **neChiShona**.

Pindura mubvunzo **mumwe chete** muchikamu choga choga.

Cherechedza rayiro dziri pamubvunzo woga woga.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji mana.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, Specimen Paper.

CHIKAMU A: MITAMBO

Pindura mubvunzo mumwe chete muchikamu chino.

1 **Mashayamombe, B.C.:** *Akanhonga Vhunze Nemuromo*

(a) Cindy anotaridza maitiro asingatarisirwe pamuroora patsika nemagariro avaShona. Tsigira pfungwa iyi nezvaanoita mumutambo uyu. [30]

kana

(b) Tsanangura zvakaonekwa nemunyori mumagariro evanhu zvakaita kuti anyore mutambo werudzi urwu. [30]

2 **Mashiri, P.M.:** *Ushe Ndohwangu*

(a) Uchishandisa umboo hunobva mumutambo Ushe Ndohwangu, Rondorodza matanho akatorwa naNyanguru kuti atore ushe uchijekesa zvipingaidzo zvaakasangana nazvo padanho roga roga. [30]

kana

(b) Munyori **P.M. Mashiri** anoshandisa chidavado chesetswa/ndyaringo kuburitsa maitiro avanhu. Tsigira pfungwa iyi nezviitiko zvinobuda mumutambo uyu. [30]

3 **Chakamba, R.H.:** *Nziramasanga*

(a) Rondorodza matambudziko aisanganikwa nawo nevatema mazuva ehondo yechimurenga anoburitswa mumutambo Kuwadzana.

kana

(b) Vanhu vomumaruwa vanoburitswa saivo vakanyanya kutsigira hondo yechimurenga. Ongorora pfungwa iyi wakatarisa zvinobuda mumitambo iri muna Nziramasanga. [30]

CHIKAMU B: NYAYANYORWA

Pindura mubvunzo mumwe chete muchikamu chino.

4 **Kufonya, R.:** *Pfupajena*

(a) "Hondo yevaDuma haikundwi nokuti inorwiwa nomweya nenyama pamwe chete." (peji 178). Tsanangura zviri murungano urwu zvinozadzikisa mazwi aya. [30]

kana

(b) Donongodza zvinoitwa naZindoga zvinotaridza kuti semutungamiri, akange azvipira kupamba Pfupajena. [30]

5 **Musengezi, G:** *Zvairwadza Vasara*

(a) Donongodza mitoo yakashandiswa nemunyori kuburitsa marwirwo akaitwa hondo yechimurenga.

kana

(b) Uchishandisa umboo huri mubhuku, jekesa zvose zvairatidza kuti varungu vakanga vasingadi chose kutonga kwevatema kunyange zvakange zvave pachena kuti vakanga vakundwa muhondo. [30]

6 **Mavesera, M:** *Makaitei*

(a) Tsanangura zviitiko zviri kukanganisa kubatana kwemhuri dziriko nhasi sekuburitswa kwazviri kuitwa muna Makaitei.

kana

(b) Dzumbunura zvaunowana maererano neupenyu hunoraramiwa nevanhu mumadhorobha zviri kubuditswa mubhuku Makaitei? [30]

CHIKAMU C: NHETEMBO

Pindura mubvunzo **mumwechete** muchikamu chino.

Hodza, A.C.: *Ugo Hwamadzinza AvaShona*

7 **(a)** **(i)** Ipa ongororo yezvaishungurudza vazhinji muwanano. Tsigira nenhetembo nhatu dzechikamu cheJikinyira nemavingu. [30]

(ii) Sokuona kwako, shungurudzo idzi dzaigadziriswa nenzira dzinogutsa here pasichigare. [10]

kana

(b) Jekesa pfungwa yokuti rume risinganyepi hariroori/hariwani nezvinobuda munhetembo ina dzemadetembedzo okupfimbana. [40]

8 **Gunduza, M.:** *Hodzeko Yenduri*

(a) **(i)** Uchishandisa nhetembo nhanhatu dzavananyanduri vakasiyana, jekesa kunetsekana kwavananyanduri nemararamiro ava kuita vanhu muZimbabwe nhasi. [30]

(ii) Tsanangura zvingarerutsa zvinonetsa zvacho zvawapa pa **8(a)(i)** yako. [10]

kana

(b) **(i)** Ongorora nhetembo ina dzaLiveson Tatira uchijekesa zviri kutsi kwemoyo wake sekuzviburitsa kwaari kuita munhetembo dzawasarudza. [30]

(ii) Tsanangura magadzirisirwo angaitwa nhunha dzacho dzaari kuburitsa. [10]